

## PEMBUKA =

**Bismillaahir rohmaanir rohiim .**

**Assalamu 'alaikum wa rohmatulloohi wa barokatuh(u).**

**A'udzu billaahi minasy syaithoonir rojiim. Bismillaahir rohmaanir rohiim. Alhamdulillah robil 'aalamiina ~ wa bihi na'budu mukhlisiina lahud diin(a), wa bihi nasta'iniu umurid dunyaa wad diin(i).**

**Alloohumma sholli wa saliiim wa baarik 'alaa rosuulika nabiiyyil ummiyi Muhammadin (sholaalooHu 'alaihi was salaam) 'alaa aalihi wa shohbihi, wa ummatihi minal jami'il muslimiina wal muslimat, wal mu'miniina wal mu'minaat~ al ahyaai minhum wal amwaat man ihtada bi hadyi-hi ilaa yaumid diin.**

**Asyhadu al laa ilaaha illaalloohu wahdahu laa syarikalahu; wa asyhadu anna muhammadan 'abduhu wa rosuuluhu . Amma ba'du.**

**Qoolallohu ta'alaah fiil qur-aanil kariim : Bismillaahir rohmaanir rohiim . Kullu nafsin dzaaiqotul maut ; wa nabluuku bisy-syarri wa khoiri fitnataw ~ wa ilainaa turja'uun. Shodaqolloohu adhiim.**

**Wa qoola rosuulullooh Muhammadin (sholaalooHu 'alaihi was salaam) : Kun fiid dunyaa ka-annaka ghoribun au 'aabiru sabilin Shodaqta Yaa Rosuulallooh.**

→ Robbisy roh lii shodrii, wa yassir lii amrii , wah lul 'uqdatam min lisaani – yafqahuu qoulii.

Katur ingkang kinurmatan poro sesepuh, bapak ibu ugi poro kadang sedherek jama'ah pengaosan dukuh Gemawang ingkang tansah pikantuk rohmatipun Allooh subhanahu wa ta'alaah.

Inkang sepindah sumonggo kito langkung rumiyin ngunjukaken raos pujo lan puji syukur **Alhamdulillah robil 'aalamiina** dumateng ngarsanipun Allooh subhanahu wa ta'alaah ~ ingkang sampun paring kathah kanikmatan ingkang mboten saget kaetang dumateng kito sedoyo antawisipun nikmat gesang lan keserasan , hidayah iman lan keIslaman ugi inayah senggang lan kawilujengan katitik wonten ing titi kalenggahan puniko, kito sedoyo saget makempal wonten ing *dhalemipun* ----- sak keluarga mriki kanthi sae mbonten wonten alangan setunggal punopo kemawon.

**(Alloohuma ... AAMIIN )**

Sholawatullooh soho salamullooh mugè tansah kalimpahaken dumateng junjungan kito nabi akhirul zaman rosuulullooh Muhammad (sholaalooHu 'alaihi was salaam) ingkang sampun nuntun umatipun kalebet kito sedoyo saking zaman jahiliyah dumateng zaman islamiyah, lan ingkang kito tenggo syafa'atipun benjang wonten ing dinten kiamat. **(Alloohuma... AAMIIN )**

Poro rawuh ingkang tansah pikantuk rohmatipun Allooh subhanahu wa ta'alaah.

Keparengo kulo sumelo atur minangko sulih sariro saking shohibul hajat (----- sak keluarga) supados matur dumateng panjenengan sedoyo. ingkang sepindah lumantar kulo (----- sak keluarga) ngaturaken wilujeng rawuh mugè dipun sekecakaken anggenipun lelelgahan. ingkang kaping kalihipun ngaturaken agengipun panuwun menggah saking kerso angelonggaraken wekdal, ngikhlasaken manah anetepi pamundutipun (----- sak keluarga). Kaping tiganipun nyuwun agunging samodro pangaksami sedoyo kekirangan anggenipun nampi kerawuhan panjenengan caos palenggahan lan sanesipun wiwit saking purwo – madyo – wasono acoro meniko.

Wondene anggenipun (----- sak keluarga) ngersaken kerawuhan kito sedoyo wonten dalu meniko mapan ing griyo mriki dipun suwuni jurung donga kunjuk dumateng ngarsanipun Allooh SWT kagem arwahipun almarhum (ah) ----- ~ rohimakumullooh ingkang dalu meniko sampun magut dumugi .... ipun. Kanthi panyuwunan mugè-mugè arwahipun almarhum (ah)----- ~ rohimakumullooh) ingkang sampun tinimbang wangsul dhumateng ngarsanipun Allooh SWT ... Insyaa Allooh ... saget tinampi kanthi sae wonten pangayomanipun Allooh SWT. Kakesut dosa kalepatanipun, kawuwuhaken ganjaranipun, kawiyaraken kuburipun, kaundakaken derajatipun. lan saklajengipun saget lumebet dumateng kaswargan jati ingkang dipun idam-idamaken. (Alloohumma ... amin).

Kejawè saking meniko kito sedoyo ugi nyuwun dhumateng ngarsanipun Allooh SWT tansah paring hidayah lan inayah kagem kito sedoyo ingkang taksih tinalar ing alam donya meniko utaminipun (\_\_\_\_\_sak keluarga) mugè-mugè saget nampi kawontenan meniko kanthi keshabaran lan sesarengan kito ngelajengaken Dharmaning gesang linambaran ketaqwaan. Mugè-mugè kanthi mekaten kito sedoyo mboten namung pikantuk kabegjan lan keraharjan ing alam donya kemawon nanging utaminipun ugi saget ngrengkuh keberkahan lan keslametan benjang wonten akheratipun (Alloohumma ... amin).

Kagem poro rawuh ingkang ngrasuk agami Islam sumonggo kulo dherekaken sesarengan poro keluarga lan jamaah nyuwun kanthi ikhlasing manah maos sakperangan kalamullooh antawisipun surat yasin, ingkang dipun lajengaken tahlil lan jangkep pandonganipun. Wondene katur panjenengan ingkang ngrasuk agami menopo kapitadosan sanes kulo sumanggaken trepupun waosan lan donga selaras kalih panyuwunan ingkang sampun kulo aturaken.

Wasono cekap semanten atur kulo; Mbok bilih wonten kalepatan anggen kulo matur, nyuwun agunging samodro pangaksami. Sumonggo pengaosan serat yasin soho tahlil sekaliyan pandonganipun kito wiwiti.

**Bismillaahir rohmaanir rohiim .**

**Ilaa hadhrotin : nabiiyyil mush-thofaa rosuulillah = Muhammadin shallalloohu 'alaihi wa sallama) 'alaa aalihi wa shohbihi, wa ummatihi minal jami'il muslimiina wal muslimat, wal mu'miniina wal mu'minaat~ al ahyaai minhum wal amwaat , khushushon ilaa hajaati ahlal bait man ijtama'naa haahunaa bi sababihi (\_\_\_\_\_wa ahliha fi hasanatihim fid dunyaa wa fid diin ); wa nakhusu-khushushon ilaa : ruuhi almarhum (\_\_\_\_\_~ rohimakumullooh) fi hasanatihim fi qobrii wa fil akhiroh .... AL FAATIHAH**

**A'udzu billaahi minasy~syaithoonir rojiim**

- 1. Bismillaahir rohmaanir rohiim.**
- 2. Alhamdulillah robil 'aalamiin.**
- 3. Arrohmaanir rohiim.**
- 4. Maaliki yaumiddiin.**
- 5. Iyyaa kana'budu ~ wa iyyaa kanasta'iin.**
- 6. Ihdinash shiroothol mustaqiim.**
- 7. Shiroothol ladziina: an'amta 'alaihim ~ ghoiril : magh~ dhuubi 'alaihim, wa ladh~dhoollin.**

**Aamin**